

LYNN PUBLIC SCHOOLS
Repons ak senaryo COVID-19
Ane Lekòl 21/22

Lynn Public Schools pral swiv direktiv COVID-19 Depatman Sante Piblik (DPH), Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè (DESE) ak Konsèy Sante Lynn defini yo. Konnen ke direktiv sa yo ka chanje.

Nenpòt moun ki santi sentòm annapre yo dwe fè yon tès pou COVID-19 epi izole tèt li lakay pandan I ap tann rezulta

PA VINI LEKÒL AVÈK SENTÒM

- **Lafyèv (100°F [37.78°C] oswa pi wo) frison oswa tranbleman**
- **Difikilte pou respire oswa souf kout**
- **Kòmanse pèdi gou oswa sant**
- **Doulè nan misk oswa doulè nan kò**
- **Tous (pa akòz lòt kòz ou konnen, tankou tous kwonik)**
- **Doulè nan gój lè li melanje avèk lòt sentòm**
- **Kè plen, vomisman oswa dyare lè li melanje avèk lòt sentòm**
- **Tèt fè mal lè li melanje avèk lòt sentòm**
- **Fatig lè li melanje avèk lòt sentòm**
- **Nen bouche oswa nen k ap koule (pa akòz lòt kòz ou konnen, tankou alèji) lè li melanje avèk lòt sentòm**

Si tès la pozitif

- Rete lakay ou pandan omwen 10 jou epi jiskaske sentòm yo amelyore epi ou san lafyèv pandan 24 èdtan san pran medikaman ki bese lafyèv
- Siveye sentòm yo
- Konfòme ak konsey sante lokal
- Enfòme enfimyè lekòl la ak kontak pèsonèl pwòch

Si tès la negatif

Ka retounen lekòl lè sentòm yo amelyore epi ou san lafyèv pandan 24 èdtan san pran medikaman

Refize tès

Ka retounen lekòl apre 10 jou izòlman depi lè sentòm yo te parèt osi lontan sentòm yo amelyore epi ou san lafyèv pandan 24 èdtan san pran medikaman.

Kontak Pwòch:

Si yon elèv oswa manm ekip la te gen kontak pwòch avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19, li dwe rete lakay epi enfòme enfimyè lekòl la osito sa posib pou jwenn plis enstriksyon.

Vwayaj:

Moun ki pa vaksinen ki vwayaje andeyò eta a dwe rete lakay yo epi enfòme enfimyè lekòl la pou jwenn plis enstriksyon.

Direktiv DESE pou COVID-19: <https://www.doe.mass.edu/covid19/on-desktop.html>

Vwayaj: <https://www.mass.gov/info-details/covid-19-travel>

Sit Tès COVID: <https://cityoflynn.net/covid19/testing.shtml>

Sit Vaksinasyon: <http://www.lynnma.gov/covid19/vaccine.shtml>